



ULANGAN HARIAN 1

Nama Siswa:

Kelas:

1. 1Apa isne serat wedhatama ?

2. Penganggit Serat Wedhatama arane ?

3. Apa kang diarani guru gatra, guru lagu, lan guruwilangan?

4. Apa surasane (isi) tembang Kinanthi ngisor iki?

Marma den taberi kulup

Angulah lantiping ati

Rina wengi den anedya

Pundak-pundaking pambudi

Mbengkas kaardaning driya

Supaya dadya utami



5. Sebuataken guru atra, guru lagu, guru wilangan tembang Kinanthi !

6.. Geguritan yaiku ?

7. Apa kang diarani

a. Wirasa

b. Wiraga

c. Wirama

d. Wicara

8. Kanggo ngasilke geguritan kang endah, pangripta kudu nggatekake Teknik-teknik geguritan kang trep, yaiku..?

9. Gawekna geguritan kanthi tema Pendidikan !



10.

Sapaaa

dening Mbah Brintik

Sapa salah bakal seleh

Sapa polah bakal keweleh

Sapa goroh bakal growah

Sapa laknat bakal kuwalat

Sapa anggak bakal klenggak

Sapa kuminter bakal keblinger

Sapa kumenthus bakal kebenthush

Sapa ora jujur bakal ajur

Sapa ijir bakal kecicir

Sapa sombong bakal keblegong

Pancen manungsa bakal ngundhuh

Kang ana dhuwur paga

Mula, luwih becik 'nguwit klapa'

Salugune wong urip

Aja seneng dolanan wisa

Kaptehi saka: Panjekar

Semangat No. 28 - 14 Juli 2012

Apa isine geguritan kasebut ?